# ku lekk laaj walla soble, bumu nu jege -walla mu wax: bumu jege sunu jàkka yi, te toog ci këram

Jële nañu ci Jaabir Ibn Abdullah yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «ku lekk laaj walla soble, bumu nu jege - walla mu wax: bumu jege sunu jàkka yi, te toog ci këram", ak ne Yonnente bi indil nañu ko cin lu am ay lujum ak laaj, mu yég ci ag xet, mu laaj ñu xibaar la ca nekk ci laaj, mu wax ne: jegeele leen ko ci kenn ci Sahaaba yi nekkoon ak moom, ba mu ko gisee mu sib ko a lekk, mu wax ko ne: " lekkal, man damay déeyante ak koo dul déeyantel». Ñëw na ci Muslim ñu jële ci Jaabir ibn Abdul Laah, mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: ku lekk reen bii, laaj gii - mu wax benn yoon ne: ku lekk soble ak laaj ak xeetu soble bu mu jege sunu jàkka ji, ndaxte malaaka yi dañuy loru ci li doomu Aadama di loru".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na ku lekk laaj walla soble muy ñëw ci jàkka ji, ba du lor mbokkam yi teewe jullig mbooloo mi ci xet gi, loo lu nag tereg wattandikoo ñëw ci jàkka ji la, terewul lekk gi; ndaxte ñoom ñaar bokk nañu ci ñam yi dagan, indil nañu Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ci lu am ay lujum, ba mu ca xeñcoo ag xet ñu xibaar ko la ca nekk, da ko a bañ a lekk mu jegeele ñam wi kenn ci Sahaabaam yi ngir mu lekk ko, mu sib moomitam ngir roy ci moom, ba ko Yonnente bi gisee daal di ne ko: lekkal; man damay déeyante ak malaaka yi ci Wahyu gi. Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xamle ne malaaka yi dañuy loru ci xet gu xasaw, kem ni nit ñi di ci loroo.

https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4850

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee